QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASI
NO'KİS QALASI

HA'KİMİNİN ShESHİMİ

QORAQALPOG'İSTON RESPUBLİKASİ
NUKUS SHAHAR

HOKIMINING QARORİ

Dosnazarov ko'shesi 96- jay Tel: (361) 222-71-01

«10» 04 2018-жыл №05/04-65 Нөкис қаласы

Нөкис қаласы Беруний көшеси «Светлана-Колус» ЖШЖ базары алдынан өтиўши Беруний көшесине жол ҳәрекет қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳаққында.

Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлиги Жол ҳәрекети қәўипсизлиги басқармасының 2018-жыл 14-февраль 11/6-368-санлы автотранспорт айдаўшыларының тезликти асырыўы нәтийжесинде велосипед айдаўшылар ҳәм пиядаларды қағып кетиў жағдайлары көплеп ушырасып, аўыр ақыбетли жол транспорт ҳәдийселери келип шығып атырғанлығы себепли, автотранспортлардың қәўипсиз ҳәрекетлениўин тәмийинлеў мақсетинде, жол белгисин орнатыў ҳаққындағы усынысын қарап шығып, Өзбекистан Республикасының «Жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳаққында»ғы Нызамы («Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами», 2013 йил 15апрел, 15-сон, 197-модда)ның 7-статьясына, «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Нызамының 25-статьясына муўапық, транспорт қуралларының ҳәрекетлениўин тәртипке салыў, жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде,

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н :

1. Нөкис қаласы Беруний көшеси «Светлана-Колус» ЖШЖ базары алдынан өтиўши Беруний көшесине пиядаларға арналған жолдан кесип өтиў орнының еки тәрепине 1.21 «Балалар» жол белгиси, 3.24 «Жоқары тезликти шеклеў»
(50 км/с) жол белгиси ҳәм 7.2.1 «Тәсир етиў аралығы» (100 м) жол белгилери тийисли тәртипте орнатылсын.

2. Жол белгисин белгиленген тәртипте орнатыў, Нөкис қалалық ишки ислер бөлими (Г.Аметов)не тапсырылсын.

3.Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Нөкис қаласы ҳәкиминиң орынбасары И.Отегеновқа жүкленсин.

4.Бул шешим қалалық «Нөкис ҳақыйқаты» газетасында рәсмий жәриялансын ҳәм ҳәкимлик рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

5.Бул шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Ҳәким ў.ў.а: **П.Турешев**